



Pou Piblikasyon Imedya: 06/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ 6 MILYON DOLA POU REFÈ SIFAS KI NAN PRÈSKE 32 KILOMÈT OTOWOUT ETA NEW YORK LA (I-90) NAN KONTE SENECA AK ONTARIO

Pwojè a gen ladan gwo reparasyon chose ak reparasyon sifas pou apeprè 129 kilomèt total sou liy ant Soti 42 (Geneva - Lyons - NY Route 14) ak Soti 44 (Canandaigua - Victor - NY Route 332)

Pwojè a ta dwe fini nan otòn 2025 epi fè pati plis pase 45 milyon dola nan pwojè amelyorasyon kapital Thruway yo nan Sant New York ak rejyon Finger Lakes

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman yon pwojè amelyorasyon enfrastrikti 6 milyon dola pou refè sifas yon segman ki nan prèske 32 kilomèt oswa plis pase 129 kilomèt total sou liy nan Otowout (Thruway) Eta New York (I-90) nan Konte Seneca ak Ontario. Pwojè a gen ladan reparasyon konplè sou I-90 nan direksyon lès ak direksyon lwès ant poto 327.5 ak poto 347.1, ki sitiye ant sòti 42 (Geneva - Lyons - NY Route 14) ak sòti 44 (Canandaigua - Victor - NY Route 332). Apeprè 28,000 otomobilis itilize seksyon I-90 sa a nan toude direksyon yo chak jou.

"New York pran angajman pou modènize sistèm transpò nou an ak investi nan pwojè enfrastrikti pou amelyore sekirite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman Otorite Thruway (Thruway Authority) te fè ede kominote yo konekte, ranfòse ekonomi nou an, ak amelyore kalite lavi rezidan yo."

Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare, "Thruway se youn nan otowout ki pi an sekirite nan nasyon an, ak kèk nan tarif peyaj ki pi ba yo. Nou re-investi peyaj yo tounen nan sistèm nan pou pwojè enfrastrikti enpòtan pou modènize wout la. Sa a se youn nan plizyè pwojè amelyorasyon chose ki pwograme sou Thruway ane sa a pou amelyore sekirite, pwolonje lavi sèvis wout la epi amelyore eksperyans vwayaj pou plizyè milye otomobilis."

Pwojè a gen ladann reparasyon pave pwofon nan divès kote atravè segman ki gen 32 kilomèt la, ansanm ak rekonstriksyon akotman. Reparasyon pwofon chose yo vle di ekipaj yo pral retire epi ranplase pòsyon ki pi deteryore yo sou twonson wout la, jiska kouch fondasyon li a. Apeprè 80 pousan sou-baz an beton Thruway la a soti nan ane

1950 yo epi yo orijinal pou sistèm Thruway la. Reparasyon yo pral amelyore entegrite estriktirèl wout ki egziste deja a.

Amelyorasyon anplis sekirite yo enkli nouvo liy refleksyon ak delimitatè wout sonò entegre yo (MIARD) sou akotman otowout yo.

Seneca Stone Corporation nan Seneca Falls, NY te soumèt òf kontra ki ba apre yon pwosesis òf konpetitif. Yo prevwa pwojè a ta dwe fini nan otòn 2025.

Chofè yo ka rankontre fèmte liy sou otowout la ansanm ak chanjman sikilasyon ak arè pandan konstriksyon an ap fèt. Tout travay la depann de si ap fè bontan epi kapab gen chanjman. Chofè veyikil amotè yo ta dwe rete veyatif epi respekte limit vitès ki afiche nan zòn travo yo. Amann yo double pou vitès nan yon zòn travay.

Pou plis amelyore sekirite travayè yo nan yon zòn travay, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki etabli pwogram pilòt Otomatik pou Kontwòl Vitès Zòn Travay la. Pwogram ranfòsman sekirite a te kòmanse an avril 2023 epi li ap an vigè nan plizyè zòn konstriksyon aktif sou Thruway la. Zòn travay avèk ranfòsman sou kamera vitès yo pral gen siyal klè ki mennen nan zòn travay la. Yo pral peye bay amann pou otomobilis ki vyole limit vitès ki afiche nan zòn travay la. Y ap voye pa lapòs amann pou vyolasyon yo bay pwopriyetè veyikil ki anrejistre a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan [isit la](#).

Senatè Eta Pam Helming te deklare, "Investisman nan enfrastruktir sa a sipòte biznis ak komès epi amelyore sekirite pou chofè kamyon ak vwayajè nou yo. Mwen apresye travay di Thruway ak ekip transpò nou yo epi mwen ankouraje otomobilis yo pou yo veye epi swiv limit vitès zòn travay yo afiche yo pou kenbe travayè sa yo an sekirite."

Manm Asanble Jeff Gallahan te deklare, "Antanke reprezantan pou kèk pati nan Finger Lakes ak Sant New York, mwen kontan wè kòmansman pwojè enpòtan sa a pou amelyore youn nan koridò transpò ki pi enpòtan nan rejyon nou an. Apeprè 28,000 otomobilis itilize segman sa a nan Otowout Eta New York la (I-90) nan Konte Ontario ak Seneca chak jou. Amelyorasyon kalite wout ki enkli ak amelyorasyon sekirite yo pral benefisye anpil chofè nan tout rejyon an ak pi lwen!"

Prezidan Konsèy Sipèvizè Seneca a, Michael Enslow, te deklare, "Gwo investisman sa a nan Otowout Eta New York la reprezante yon amelyorasyon esansyèl nan enfrastruktir rejyon nou an. Lè nou adrese kondisyon wout yo ak enkòpore karakteristik sekirite avanse, pwojè sa a pral benefisye plizyè milye vwayajè chak jou ki konte sou wout enpòtan sa a. Nou felisite Gouvènè Hochul paske li bay amelyorasyon enpòtan sa yo priyorite epi li amelyore eksperyans kondwi an jeneral ak sekirite pou kominote nou an."

Prezidan Konsèy Sipèvizè Ontario a, Todd Campbell, te deklare, "Nou kontan anons Gouvènè a ak amelyorasyon nan sekirite ak vwayaj pwojè a pral pote pou rezidan ak vizitè nou yo."

Enfòmasyon sou Otorite Thruway

Thruway Gouvènè Thomas E. Dewey la ki te konstwi nan kòmansman ane 1950 yo, se youn nan pi ansyen Sistèm Otowout Nasyonal Ant Eta yo epi youn nan wout peyaj ki pi long nan peyi a. Antretyen ak operasyon sistèm Thruway la finanse prensipalman pa mwayen peyaj. Otorite Thruway pa resevwa okenn lajan taks federal, eta oswa lokal epi jwenn peman nan men moun k ap kondui sou otowout la, tankou yon tyè nan chofè ki soti andeyò eta a.

Otowout la konsidere kòm youn nan wout ki pi an sekirite nan peyi a ki gen yon to fatalite ki vreman pi ba pase endis nan tout peyi a, ak to peyaj yo pami sa yo ki pi ba nan peyi a konpare ak wout ki gen peyaj ki sanble yo. Tarif debaz peyaj veyikil pasaje sou Otowout la mwens pase 0.05 dola pou prèske de kilomèt, pa rapò ak Peyaj Ohio (0.06 dola pou prèske de kilomèt), Peyaj New Jersey (0.11 dola ak 0.31 dola pou prèske de kilomèt) ak Peyaj Pennsylvania (0.14 dola pou prèske de kilomèt). Bidjè 2024 Otorite a investi yon total 451 milyon dola pou sipòte Pwogram Kapital li a, ki ta dwe investi 2.4 milya dola nan pwojè kapital pandan senk ane k ap vini yo—yon ogmantasyon 500 milyon dola apre ajisteman nan peyaj ki te adopte tou dènyèmman an. Ogmantasyon investisman an pral mennen nan travay sou apeprè mwaye nan plis pase 4,500 km vwa Thruway yo ansanm ak pwojè sou apeprè 90 nan 817 pon Thruway yo.

Pou enfòmasyon deplasman ki ajou, nou ankouraje chofè yo telechaje [aplikasyon mobil](#) la ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk nan tan reyèl ak asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Vwayajè yo ka vizite tou [Kat Vwayajè](#) entèaktif Otorite Thruway la ki prezante kamera sikilasyon an dirèk. Otomobilis yo kapab enskri tou pou resevwa imèl [TRANSalert](#), ki bay dènye kondisyon trafik yo sou Thruway la.

Pou plis enfòmasyon, swiv Thruway la sou [Facebook](#), [X](#) ak [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb nou an](#).

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)